

Politik Asistans Finansye Pasyan an Rezime nan Langaj Senp

Nan kad misyon Lopital Phoenixville lan pou l bay kominote a swen sante efikas ak konpasyon, ki aksesib, ki gen bon kalite e ki rantab, nou rekonèt kèk pasyan ak fanmi yo ka bezwen asistans finansye pou ede yo ak pri sèvis swen sante yo. Se poutèt sa, Lopital Phoenixville ofri pasyan yo asistans finansye pou asire aksè a bon kalite swen sante pou tout moun.

Kalifikasyon ak Asistans nou ofri yo

Pasyan ki refize pwoteksyon Medicaid, oswa ki fè tès depistaj epi ki pa satisfè règleman Medicaid yo, pral konsidere pou pwogram Asistans Finansye Pasyan Lopital Phoenixville la. Pasyan ak fanmi yo ki vle aplike pou asistans ka soumèt yon aplikasyon ak dokiman ki sipòte sa bay yon reprezantan sèvis finansye pasyan Lopital Phoenixville yo .

Gid Federal Povrete yo mete ajou chak ane epi yo sèvi pou detèmine elijibilite pou Asistans Finansye Pasyan an. Yo pral mande Pasyan yo pou bay verifikasyon revni kay la ansanm ak non moun yo k ap viv nan kay la pandan pwosesis aplikasyon an. Yo itilize enfòmasyon sa a pou idantifye ki kote fwaye a tonbe nan gid Nasyonal Povrete (FPL). Kategori FPL la ap detèmine kantite lajan yon pasyan ap peye pou yon bòdwo medikal. Pou pasyan ki pi wo a 400% nan FPL la, to pou moun ki pa gen asirans lan aplike. To moun ki pa gen asirans la monte a 25% montan jeneral ki nan bodwo a e l ap aplike pandan premye pèman an. Pasyan ki kalifye pou asistans finansye pa dwe peye plis pase montan ki jeneralman nan fakti pou swen ijans ak lot swen sante ki nesèsè yo.

Aplike pou Asistans Finansye Pasyan an

Tanpri vizite sitwèb nou an nan: [https:// phoenixville.towerhealth.org/patients-families/billing-and-insurance/financial-assistance/](https://phoenixville.towerhealth.org/patients-families/billing-and-insurance/financial-assistance/) pou ka jwenn aksè ak Règleman Asistans Finansye a ak aplikasyon yo. Dokiman yo tradui nan plizyè lang epi yo disponib sou sit entènèt la. Anplis de sa, nou kapab voye kopi enprime tout Règleman Asistans Finansye pou Pasyan an ak aplikasyon an gratis pa imèl nou nan call.center@towerhealth.org oswa rele 484-628-5683.

Nou ankouraje pasyan yo pou yo kòmanse aplike pou asistans finansye pi bonè posib. Pi bonè Lopital Phoenixville vin okouran bezwen finansye a, se plis opòtinite pou nou konekte ou avèk resous potansyèl tankou Medicaid ak lòt pwogram asistans oswa asirans. Pasyan yo ka mande konsiderasyon pou asistans finansye nan nenpòt moman pandan sikilasyon bòdwo ak koleksyon an.

Si w ta bezwen èd pou aplike, yon reprezantan Lopital Phoenixville sèvis finansye pasyan yo pral gide w nan pwosesis aplikasyon an. Tanpri vizite biwo konseye finansye nou an nan adrè:

Lopital Phoenixville
140 Nut Road
Phoenixville, PA 19460

Ou ka Kontakte nou tou pa imèl nan call.center@towerhealth.org oubyen 484-628-5683.